

Akò Itilizasyon Chromebook Wi-Fi de "SD Access for All" ("SD Aksè pou Tout Moun")

An echanj pou itilize yon Aparèy nan Bibliyotèk Piblik San Diego a (Bibliyotèk), ki ba ou aksè a Entènèt la lakay ou, jiska Dat Limit aparèy ki endike anwo a, ou dakò ak tèm ak kondisyon ki etabli nan Akò Itilizasyon Aparèy sa a (Akò). Atik ki enkli lè ou prete (fè yon "checkout") yon aparèy se: Yon Chromebook, yon kòd chaje, yon plato, yon sak. Lè ou rekonèt ou te resevwa epi ou aksepte yon Chromebook, ou konprann epi ou dakò ke itilizasyon nenpòt aparèy sijè a tèm ak kondisyon sa yo:

- Mwen dakò pou m remèt Chromebook la an pèsòn nan menm bibliyotèk kote m te prete l la nan dat limit la. Mwen konprann li ka pa renouvle oswa remèt nan depo liv la.
- Si Chromebook la pèdi oswa ou pa remèt li nan 60 jou apre dat limit la, [yo ka fè m peye Chromebook la, kòd chaje a, plato a ak bwat la](#); sèvis entènèt la ap fini epi Chromebook la ap vin initil; epi privilèj kat bibliyotèk mwen yo ap bloke jiskaske tout atik yo retounen an bon eta oswa jiskaske amann lan peye.
- Mwen konprann Bibliyotèk la pa responsab pou okenn dosye, done, oswa enfòmasyon pèsònèl ki aksede/transmèt lè m sèvi avèk Chromebook la.
- Mwen konprann Chromebook la ak sa ki ladan l rete pwopriyete Bibliyotèk la an pou toujou.
- Mwen dakò mwen p ap janm prete okenn bagay ki nan Chromebook la bay lòt moun.
- Mwen dakò pou m konnen ki kote tout bagay ki nan Chromebook la ye a tout moman. Mwen dakò pou m pa demonte oswa eseye repare laptop la.
- Mwen dakò pou m pran swen Chromebook la epi m ap fè tout efò rezonab pou m evite domaje Chromebook la. Si nenpòt atik nan twous la pèdi, yo vòlè l, oswa li domaje, mwen dakò pou m avize bibliyotèk kote m te prete l la. Mwen konprann Bibliyotèk la ka chwazi pou pa repare oswa ranplase Chromebook la selon pwòp desizyon li.
- Mwen dakò pou m remèt Chromebook la ansanm ak tout pyès ak anbalaj la nan bibliyotèk la an bon kondisyon. Mwen dwe rete prezan pandan anplwaye Bibliyotèk la ap verifye Chromebook la.

- Mwen konprann Bibliyotèk la ka deside pou pa pèmèt mwen itilize Chromebook la pandan plis peryòd yo.
- Mwen dakò pou Bibliyotèk la, moun ki finanse l yo ak lòt twazyèm pati Bibliyotèk la chwazi yo ka itilize tout enfòmasyon yo kolekte sou itilizasyon Chromebook mwen te prete a pou fè rechèch, swiv epi analize rezilta yo ak efikasite pwogram Chromebook la. Lè mwen prete Chromebook la, mwen bay konsantman mwen pou Bibliyotèk la kontakte m konsènan itilizasyon ak eksperyans mwen fè avek Chromebook la.

Mwen rekonèt ke mwen li kondisyon ki anwo yo epi mwen dakò ak kondisyon sa yo. Si itilizatè ki aksepte Akò sa a gen mwens pase 18 an, yon Paran oswa yon Gadyen legal oblije aksepte sa ki anba a pou reprezante konpreyansyon ak akò yo ak tout kondisyon Akò a poukont yo epi nan non itilizatè a.

Ranpli Akò ou a

Lè ou chwazi kaz sa a, ou menm (oswa gadyen legal ou si itilizatè a gen mwens pase 18 an) dakò ak Tèm ak Kondisyon ki dekri pi wo a.

☐ Mwen dakò ak tèm ak kondisyon yo.

Kesyon Atestasyon

Mèsi paske ou dakò ak Tèm ak Kondisyon Itilizasyon yo. Tanpri ede nou pi byen konprann kijan moun itilize sèvis sa a epi kijan nou ka amelyore avèk repons ou yo nan ti sondaj sa a.

Adrès imel:

Branch Bibliyotèk:

- ☐ Mwen sètifye ke mwen pa gen aksè a ekipman oswa sèvis ki sifi pou satisfè bezwen edikasyonèl mwen yo si se pa lè m sèvi ak ekipman oswa sèvis bibliyotèk la ap bay la.
- ☐ Mwen sètifye ke mwen se itilizatè bibliyotèk la ki resevwa kat/nimewo bibliyotèk la pou siyen fòm sa a elektwonikman.

Nimewo Kat Bibliyotèk / Non Moun k ap Prete Atik yo

Kesyon Sondaj Opsyonèl

Tanpri endike pou ki rezon w ap itilize ekipman prete a.

Chèche travay

Edikasyonèl/Lekòl

Koneksyon pèsonèl (pa egzanp, fanmi ak zanmi)

Fè rechèch

Tanpri endike laj ou

Poko gen 18 an

Ant 18 a 29 an

Ant 30 a 39 an

Ant 40 a 49 an

Ant 50 a 59 an

Ant 60 a 69 an

Gen 70 an oswa plis

Tanpri endike sèks ou

Fi

Gason

Fi Transjèn

Gason Transjèn

Non-binè (Ni fi ni gason)

Lòt

Mwen prefere pa reponn

Tanpri endike etnisite w

Endijèn Ameriken oswa endijèn Alaska

Azyatik

Nwa oswa Afro-Ameriken

Blan

Ispanik, Latino, oswa moun Orijin Panyòl

Moun Mwayen Oryan oswa Afrik di Nò

Endijèn Awayi oswa Moun zile Pasifik yo

Mwen prefere pa reponn

Tanpri endike Kòd Postal ou
